Куэдым ямыщІэжьынкІи хьунущ кином (1973 гъэм) Іэхъуэджакіуэм щича ятІ лъэбакъуэхэр, ар зыхэта пычыгъуэхэр кІэщІ дыдэу зэрыщытам кьыхэкІыу. Фильмхэм кьыщылъыс теплъэгъуэхэр машІэми, Лие хуэзфІэкІащ ахэр купщІэкІэ игъэнщІыну. Герман Алексей и «Двадцать дней без войны» фильмым кьыщыгъэлъэгъуа теплъэгъуэ нэхъыфІ дыдэхэм ящыщ зыуэ кинокритикхэм кьалъытэ Іэпщэсыхьэт ныгъыу абы хэт бзыльхугъэм и образыр. Роль мыныкІэ, уеблэмэ щІэ зимыІэмкІэ, Іэхъуэджакіуэм кьигъэлъэгъуащ а зы бзыльхугъэ тхьэмыщкІэм игъэ гурыщІэхэм я мызакъуэу, зауэм ипІытІа, ихуза, къаруушэ ищІа лъэпкъым и нэгум мыужьыхыу кьина гуГэр. Аращ актер нэсым и кьарур зыхэтыр. «Артист гуащІэмащІэ мыхъумэ, роль цІыкІу щыІэкъым» - щыжаІэри аращ.

Щэч хэлъкъым Іэхъуэджакіуэ Лие и зэфІэкІыр кьэгъэлъэгъуа зэрыхъуам елъытауэ, ар куэдкІэ зэрыпэхъ иным, нэхъыбэжми пэлъэщыфыну зэрыщытам, ауэ 1977 гъэм щелъэжьауэ «Современник» театрым зэрыщылажьэ ильэс бжьыгъэм абы хуэзфІэкІащ цІыхубэ теплъэ зэмылІэужьыгъуэ куэд кьиІэщІыну. Театр, кино критикхэм ябзыщІыркъым абы иджыдеий театр утыкум теплъэщІэ кьыхэзырихьар - «Зи ныбжьыр хэдизэ бзыльхугъэхъыджэбэ щІыкІым» и образ кьызэригъэщыІафар. Станиславскэм зэрыжиІауэ, Лие «фІыуэ ильагъур езым хэтъ театрыщ, армыхъумэ театр утыкум ит езыракъым».

Актер ехъулІэныгъэкІэ зэддэр щІыхухэм я нэІуфыту ущытыныр зэрыдарар ищІэ пэтми, Іэхъуэджакіуэм фІэфІкъым утыкуакіуэхэр, и Іужу еплыкІэхэмрэ дуней лъагъуакІэхэмкІэ журналистхэм дгъэушэну хуейкъым. Щэч хэмылъу, ари адыгэ бзыльхугъэ щэнщ.

Фарсымрэ трагикомедиемрэ я зэхуакуэ дэтлыр сэм и жанныпІэм хуэдэу мащІэщ, абы уриКІуэфынри театр гъуазджэм кьыщагъэльагъуэ Іэзагъ инхэм ящыщщи, ар Іэхъуэджакіуэр, хьэмрэ ильэсыщІэ кьэс кьагъэльагъуэ «Ирония судьбы или с легким паром» (1975) фильмым хэта Таняр?

Театрымрэ киномрэ щигъэлъэгъуа актер Іэзагъымкіэ, утыкум дахэу зэритхэмрэ кьыІэрыгъэкІыу дунеим зэрытетымкІэ, псалъэкІэ щэрыІуэ гукІэ щабзу зэрыщытымкІэ ар зыхуэбгъадэ хьунур Раневская Фаинэ и закъуэщ.

ЫБЭЖЬ Тансэ.

И кІэныр зыкъомрэ кьикІакъым

ТЕАТРЫМ («ТЮЗ» жыхуаІэм) щылажьэу зэрыщІадзэу, кьылъагъэсар кхъуэ шырым и ролырщ. Апхуэдэ «зэдыхь» кьыщІаргъэзари Наф-Нафу джэгур уэндэгъу зэрыхъуарт. «Нэхъ ижьыІуэкІэ, уд фы-зыхьым и унэжь цІыкІур зыІыгъ джэд лъакъуэу сыщытащ, - игу кьегъэкІыж акитрисэм. - Сэ апхуэдэ щІыкІэкІэ Іэджэрэ си фэр ирахащ. ТЮЗ-м цІыхугъэ щысхуэхъуэрэ апэу сыщытащ, абы и фэтэрыр и щхьэгъусэу щытам зэрыІэщІилъхьар. Ауэ сызэрыщІэдгъэзыжьауэ теухуауэ зы псальи кьыщжьэдэкІакъым».

Заул докІри, Лие щхьэгъусэ хуоху хуэдэ художникграфик Кочеишвили Борис. Абыи насып кьыхуэзкІуакъым.

Лиерэ Борисрэ я зэхущытыкІэу щытар кьеІуэтэж актрисэм и адэм: «Лие фІыуэ дэІэпыкъурт и лІым. МИД-м кІуэри, Кочеишвили ищІ сурэтхэр Голландием, Франджым, нэгъуэщІ щІыпІэхэмэ яІэурэ щагъэльэгъуэну хуитыныгъэ кьыхудихат. И сурэтхэр ящэжу зэрыхуежьэу, Борис мыльку иІэ хъуащ. Дауи, Лие и улахуэр нэхъыбэт. Ауэ ар и напщІэм тельу, зигъэпагэу эзи гу лъыстакъым. Унэгуащэ дэтхэнэми хуэдэу, унэр эзрихьэрт, пщафІэрт, жьыщІэрт. А псори ильагъуми, Борис фІыщІэмыщІу кьыщІэкІащ. Зэгуэрым, мэзым зыщыдгъэпсэхуу дыздыщІэсым, си малъхъэм щІедзэ си пхъур иубу. «Ар сэракъым зыжеІэнур», езыращ», - изот Борисым си чэнджэщыр. «Ар сэ схуэзэфІэкІынукъым, Лие сызригъэпсалъэркъым», - и нэпсхэр щІилъэщІыкІыурэ, хъущІэрт Борис-ыр. Абы щыгъуэ, эыри жьэмыІами, жьаІэгурыІуат Лие и етІуанэт ящхьэтъуэсэри гува-щІэхами зэрыпыкІыжьынур.

Зыкъом докІри, си пхъум соупщІ Борис ди деж кьыщІэмыкІуэмкІэ. «Ар си гъащІэм хэстхъыкІыжащ, - кьыжаІэ». Абы дяпэкІэ и гугъу кьыскуумыщІыж».

Бориси Іыхьэншэ ищІакъым. Кьыхуищэхуа мастерскэм щІэупщІэжакъым. А пэшым щІигъэзагъэщ лІым и хьэпшыпхэри,быдэу жриІащ: «ДяпэкІэ уэсыкІІэрымыкІуэ. Зыз уэмыгъэльагу. Си Іужу кьыкІэзомыхуэ». ЗыгуэркІэ и жагъуэ дыдэ кьыщІагъэнути, хуиГьэгъуфакъым. Къимыдэкіэ, а зэманым Лие и анэм зыгъэлІэну узыр кьеуэлакІэт...»

Іэхъуэджакіуэм кьызита мастерскэм сыщопсэу, - кьыс хуиІу этащ телефонкІэ сызэпсэльа Кочеишвили. - Си щхьэ закъуэ-си лъакъуитІщ. Бзылъхугъэхэр гъунэжу согъуэт. Ауэ зыри щхьэгъусэу кьыскуэшэркъым. ФІыуэ умыльагъуэм дауэ уэзгъуэпсэнуур? Си ятІэрей фызым кьилъхуауэ кьуэ сиІэщ, балигъ хъуауэ. Абыи зыуи сыкъридзэжырыкъым. Іэхъуэджакіуэм ныбжьэгъу зыхуэсщІыжьнути, сыкъидэнукъым. Ар кином зэрыщытлъагъум хуэдэу тІасхъэкъым. Сыгурыіуэфынукъым. ЖьпІэнуракъэ, зыкІи дызэпыщІакъым...»

КьызэрысфІэщІамкІэ, и щхьэгъусэу щытар Лие жаГуэгъу кьыхуэхъужащ. Ауэ актрисэм ар зыкІи фІэгъэщІэгъуэныжкъым. Іэхъуэджакіуэр ятІэкІэ мэкІуатэ, езыр зэрыхуэйм хуэдэу. Иджы ар жьыщхъэ маху хъуауэ плыитэ хьунущ.

Ещанэрэй щхьэгъусэр угъурлыуэ кьыхущІокІ

ТІЭУ ЛІЫ ДЭКІУ ЭУ, и закъуэу кьэнэжа нэужь, Лие мурад ищІат афІэкІа зэи щхьэгъусэ кьымыпыхьхуэжьыну. ИльэсипщІкІэ зыри зытригъэхьакъым. 2001 гъэм, и ныбжьыр ильэс 63-рэ (!) хъуауэ, куэдым яфІэгъэщІэгъуэну, и нэныкьыр щІэрыщІэу иригъэжхащ. Щхьэгъусэуэсэхуэхъуэрэ сурэттех, зи лэжьыгъэхэр «Комсомольская правда» газетым мызэ-мытІэу кьытехуа Персяининов Владимирщ. Абы ибзыщІырт Іэхъуэджакіуэм зэрыдэпсэуэр, кьыдигъэщІэхэныи кьыщІэкІынутэкъым. Лие и ныбжьэгъу бзылъхугъэ гуэрщ унагъуэ щэхур нахуэ кьыгтхуэзыщІар. КьызэрыщІэкІамкІэ, зэщхьэгъусэхэр фІы дыдэу зэхущытщ, пщІэ зэхуащ, зэдопсэльа, Іэпыкъу, зэрогъэгушхуэ, зэрогъэлъапІэ. Лие кьеІыІэтэ куэдрэ зыщІэхъуэпсэ унагъуэ насыпыр икІэмикІэжьым кьигъуэтауэ. Апхуэдэу зэрыщытым щогуфІыкІ и адэрэ. Мэжид Сэлихь и кьуэм жеІэ:

- ИкъукІэ сытегуэвыхырт Лие и закъуэ дыдэу зэрыпсэуэм. Зэгуэрым, и ныбжьэгъу зыбжанэ кьыхуеблэгъэауэ, дачэм дист. Мыпхуэдэу жжызоІэ, сыгушыІэ хуэдэу фэ зытызогъауэрэ: «КхъыІэ, фызэхыхьи, мы си пхъур лІы ефт!» Жэуапу кьызат: «ЦІыхугъэ гуэр иІэщ абы». Нэхъри ерыщу соукъуэдий: «ЦІырыеКІуэ-тІэ цІыхугъэ зыхэлъым!» Псори зэщІэдыхьэшхащ. Абдежым кьыщысщІащ Лие щІэрыщІэу щхьэгъусэ зэрригъуэтар. КъысфІэлыкІыурэ, кьысщыукІыгъуэрэ сщабзыщІауэ арат, сышхьдэн я гугъэу. Сыт сыщІэщхьдэнур? СогуфІэ! Зэзгъэщыхуащ си малъхъэщІэри, зыри дзэгъуэркъым. ЦІыхух хъарзынэщ. Сэри кьыздоІэпыкъу, Лие и унафэ псори егъэзащІэ. Ар хъарзынэкъэ?...

Владимир щхьэгъуэсэ зэрыхуэхъуэрэ Лие хэпщІыкІыу кьэщІэрэщІэжащ: жьы щІэтщ, нэжьгужэщ, и теплъэкІи нэхъ щІалафэ кьытеуащ. Нэхъапэхэми хуэдэу, театрми щолажьэ, фильмхэм ирагъэблагъэ. Зэман-зэманкІэ кьэралым и щыпІэ пхыдзахэми нос. Автомашинэр Іэзэу кьрехуэжкІ. И ныбжьэгъу Дорошинэ Нинэ зэрыжиІэмкІэ, Лие «хъарзынэу» бгъэдэсщ рулым. ЩІэх-щІэхыурэ и автомобилхэр ехьуэжк, зэрыпсэуным хуопабгъэ!

Псапащэ Іэхъуэжьэми фІэфІыжьы хэтщ. ЯдоІэпыкъу хуэмыщІауэ псэухэм, сымаджэщхэм щІэлъхэм, зэгуэрым артисту щытауэ мы зэманым кьулейсыз хэхъухьахэм, уеблэмэ диным и лэжьакіуэхэм. Мотор щІыкІу пкърытым хуэдэу, гуащІафІэщ, нэщхьыфІэщ, гушыІэныр, хьуэрыбзэ зыгуэрым иридзыныр фІэфІщ. Дачэ Іэхъуэхэми дахьэхащи, Іэкіуэльакіуэу кьегъэкІ удэ дахэхэр, хадэхэкІхэр. Зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм, и ныбжьэгъухэр зэхуешэри, зэрыжаІэщи, «кьакъэ-пщыпщІу» зэхэсщ - загъэтхъэж!

И хьэл-щэныр, режиссерхэм зэрахущытыр

КУЭДЫР кьыфІолыкІ, и бзэр «жанщи». Режиссер Рязанов Эльдар «Ирония судьбы» фильмым хэтыну щригъэблагъэм, Лие кьыфІэщІат кьыхуагъэфэща ролыр мыкъэнэнщэу. Зрильэфыхьыну щыхуежьэм, Рязановыр кьебзэджэкІащ. Абы жиІащ Лие и зэчийр Чаплиным ейм зэрещхьыр, ролхэр щІыкІыкІуэтэри, автомобиль пащэшхуэм зэриті ыхьэ у, рулыр нэхъ лъахъшэ ищри, тетІысхьэпІэри кІэщригъэкІуэтащ. Хъарзынэу кьрикІухьри щІидзащ. Зэгуэрым, спектакль нэужьым, и унэм здэкІуэжым, гу лъетэ гъуэгу зэхэкІыпІэм тет къэрэгъулыр, кьэщынауэ, дзынкьуэкІэ зэрыІужьым, итІанэ, зыкьщІэжауэ, Іэщ1эль башыр щъэдэкъуэрэ кьыдэрыфийм, «къуэвыІ!» жыхуиІэу. Лие и джинпыр гъуэгубгъум кьыщигъэувыІэщ, щхьэгъубжэ адджыр кьригъэжэхри, щІэупщІащ: «Сыт къэхъуар?» Гъунэгъу кьыбгъэдэлъэда милицэ щІалэр къэуІэбжьауэ: «Зыгуэр ис?.. Сыту фыгт!..» - жиІащ.

ВЕЛИГЖАНИНЭ Аннэ.
«Комсомольская правда».

«Служебный роман» фильмым Лие щыджэгуат Верэу.

Абы щхьэкІэ режиссерым зыхуигъэгуакъым, я зэхущытыкІэфІхэми захъуэжакъым. Зэгуэрым «Современникым» щагъэуват «Коломбинэ и фэтэрыр» спектаклыр. Абы Лие ехъулІэныгъэ щиІат ауэ режиссер Викторюк, худсоветым хэтхэми яхуидакъым «пагагъэ зэрахэлъыр», яфІэнащ, псалъэ «дыдж» зыкъом ярипэсащ.

Зигъэгуэсэрейми, теужьыгъуафІэщ Лие. Зэгуэрым Гафт кьыхутхат мыпхуэдэ гушыІэ кІэщІ: «Актриса Лие Ахеджакова всегда играет одинаково». Лие кьэІэлащ, мыпхуэдэуи пидзыжащ: «Всегда играет одинаково хорошо!» Гафт и эпиграммэр псынщІэ дыдэу зэрихьуэкІыжащ: «Всегда играет одинаково /актриса Лия Ахеджакова/ Великолепно! В самом деле/ Всегда играет на пределе».

Куэд дыдэ гъэщІэгъуэну пхужьыІэнущ Гафтрэ Іэхъуэджакіуэмрэ я зэхущытыкІэм теухуауэ.

«Къэхъуащ ильэситкІэ дыщыІэзэмыпсэльаи - игу кьегъэкІыж Лие. - Зэгуэрым, телефонкІэ си деж къопсалъэри (ар кьыщыхъуар «Небеса обетованные» фильмым дыщыджэгуэрщ), кьысщІотхъу, псалъэфІк эр къемэщІэкІыу. «Гениальнэу уоджэгу! Дэтхэнэ теплъэгъуэри налмэсц!..» ИтІанэ кьызедз мыпхуэдэу: «Лилек, репризэхэр зыхэнэ! ГъащІэр кьэпльагъуэ!» Щыхуэ хьарзынэщ. Ауэ ухуэмыбэлэрыгъмэ нэхъыфІщ - и «зэзыр» кьыптрикъутэнущ...»

Кьыдихьэхахэм ящыщ зыр

АВСТРАЛИЕМ щыхьэщІэу, щыхьэщхьэ гуэрым, Іэхъуэджакіуэм кьыдэфэу щІидзащ мы щІыпІэм щыпсэу, лъпкъкІэ урыс щІалэ гуэр. Куэдрэ кьыдэфащ, зэрыпІейтейр хуэмыгъэпщкІу. «Сыт апхуэдизу ущІэгузавэр, щІалэ?» - йоупщІ Лие. Модрейм жэуап кьрет, нэхъеижу къэпІейтеяуэ: «Сыкъызыдэфэр си Хэку анэрауэ кьыссщохъурИ!»

Актрисэм и автомашинэхэр

ЯПЭ ЩІЫКІЭ «Жигули» цІыкІур зэригъэкІуэфу зигъэсащ. Нэхъ ижьыІуэкІэ, кьрихуэкІащ «Шкодэр», «Шкода Фабия»-р, «Опель Астра»-р, нэгъуэщІ гуэрхэри. Мы зэманым дхэр хъарзынэм исщ.

Режиссер Райхельгауэ «кьыкІэщІидзэ» гушыІэр.

Іэхъуэджакіуэм джип дахэ кьыщэжат Езыр цІыкІуІуэти, автомобиль пащэшхуэм зэриті ыхьэ у, рулыр нэхъ лъахъшэ ищри, тетІысхьэпІэри кІэщригъэкІуэтащ. Хъарзынэу кьрикІухьри щІидзащ. Зэгуэрым, спектакль нэужьым, и унэм здэкІуэжым, гу лъетэ гъуэгу зэхэкІыпІэм тет къэрэгъулыр, кьэщынауэ, дзынкьуэкІэ зэрыІужьым, итІанэ, зыкьщІэжауэ, Іэщ1эль башыр щъэдэкъуэрэ кьыдэрыфийм, «къуэвыІ!» жыхуиІэу. Лие и джинпыр гъуэгубгъум кьыщигъэувыІэщ, щхьэгъубжэ адджыр кьригъэжэхри, щІэупщІащ: «Сыт къэхъуар?» Гъунэгъу кьыбгъэдэлъэда милицэ щІалэр къэуІэбжьауэ: «Зыгуэр ис?.. Сыту фыгт!..» - жиІащ.

ВЕЛИГЖАНИНЭ Аннэ.
«Комсомольская правда».

«Егъэджакіу зхэу» Іэхъуэджакіу э Лиерэ Талызинэ Валентинэрэ («Ирония судьбы, или С лёгким паром» кинофильмым щыщ теплъэгъуэ).

И ныбжьэгъухэм ящыщ зы, актрисэ Будницкая Алла дэщІыгъуэ зыгъэпсэхуакіуэ щыІэщ. *2006 гъэ*

Іэхъуэджакіуэр нэхъ ижьыкІэ щыджэгуахэм ящыщщ Серебрянников Кирилл и «Изображая жертву» фильмыр.

Автомобиль транспортымкІэ Къэбэрдей-Балькъэр лицейр, 1994 гъэм кьыззрагъэпэщыр, ящыщщ щыхуэзэн Іэщіагъэ етыныжкІэ екъулІэныгъэ нэхъыбэ зиІэ ІэнатІэу республикэм щыпхъэм.

АБРЭДЖ Мартин:

● Ди псэлъэгъуэхр

Ди лъахэр зыхуэныкъуэр

иджырей щІэныгъэ зыбгъэдэлъ лэжьакІуэ кьыззрыгуэкІхэрщ

ТРАНСПОРТ лІэужьыгъуэхэр зегъэжІэныным, абыхэм я щытыкІэм кІэлъыплъыныр кьыззгъэпэщыным, комплексым, нэгъуэщІ иджырей Іэмэпсымэхэм махуэрыеджэу хуагъасэхэм кьищыкъэмыщІа, лицеим хэтщ машинэ зегъэкІуэным, компьютерым, нэгъуэщІ Іэщіагъэхэм балигъэр щыпхъэщхьэкІэрэ щыхуарагъаджэ курсхэр. Апхуэдэ лэжьыгъэ кьыззэгъэпэщыкІэмрэ егъэджэкІэм кьыхуагъуэт Іэмалыщіэхэмрэ я фІыгъэкІэ лицейр яхэхуащ «Егъэджэныгъэ лъэпкъ проектым ипкъ иткІэ мылъку зыхуохака еджапІэхэм.

Я Іуэху зыІутым, я екъулІэныгъэхэм я хэжІыпІэм, дяпэкІэ я мурадхэм тедгъэпсэлъыхьыну дэ зыхуэдгъэзащ АвтотранспортымкІэ Къэбэрдей-Балькъэр лицейм и унафэщІ **Абрэдж Мартин**. Ар Бахьсэненкэ (Къэсейхьэблэ) кьуажэм кьыщыхьуащ, илъэс 11-м щигъуааУ лицейм щолажьэ, илъэси 9 хьуауэ еджапІэм и унафэщІщ. Абрэджым КьБКЪ-м тхыдэмкІэ и кудамэр кьиуха ныжь, егъэджакІуэу лицейм кьэжІащ. Щіалэм и эзфІэкІымрэ и хэлъэтымрэ гу кьыщылъатэм, япэщыкІэ заочнэу егъэджэнымкІэ кьудамэм, итІанэ лицейм и унафэщІ хуауащ. Зэрылажьэм кьыдзэкІуэу, Мартин и щІэныгъэм хегъахьуэ, тхыдэмкІэ аспирантурэм щІэсщ. Кьыхэгъэщыпхъэщ, Абрэдж Мартин и ныбжьыкІэ щіалэмэ, КъБР-м и Президентым деж щыІэ Жылагъуэ-чэнджэщэгъу советым зэрыхэтыр, щіалэгъуаІэ политикэмкІэ комиссэм и пашэу зэфІэкІрэ экзыльрэ зэрригъэлъагъуэр, КъБР-м и Правительствэм и Щіыхь тхылыр кьыззрыуагъэфэщыр.

- Мартин, лицейм и унафэщІ Іэнатіэм ззэпкъэрыт ильэсхэр машІэжьым. А кьалэн мытынщыр пщэрыль щыпхуэхьуэм япэ нгъэщыпхьэу зыхуэбгъэувыжахэр сыт хуэдэ? Дауэ абыхэм уехьулІэрэ?

- Кьалэнхэр ц эд хьурт, ауэ нэхъыщхьэу сэ кьэслъыгар мы лицейм и япэ унафэщІу щыта, иджыпсту КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министрым и кІуэдзэ Абазэ Барэсбий нубзыхуам адэкІи зегъэужьныныр т. Ар сыт хуэдэ жыпІэмэ, ди деж еджакІуэ я кьакІуэхэр сыт и лъэныкъуэкІи иджырей гъащІэм хуэхьэзыру Іэщіагъэрэ щІэныгъэрэ яІэу лицейр кьегъуэхьныгъ.

Ди еджапІэр зытегъэпсыхьа Іэщіагъэхэм щІэупщІэ яІэщ, ари илъэсым нэхъри адрей гъэ еджэнгъуэм цыхуэ нэхьыбэ кьокІыр. Абы ипкъ иткІэ дэ дыхущокІу зэредгъаджэ программэри зэредгъэфІэкІуэным, зэрызедгъэужьныным. Автотранспортым епха ІэщіагъэхэмкІэ дэ етт щІэныгъэм, щэн хэмыльу, щІэупщІэ иІэщ, машинэхэр куэд дыдэ хьуащи, ахэр зыхуэ(ей ц эдэу зезыхьэн, зыкъэтар ІэкІуэлъакІуэу зэзыгъэпэщыжьи Іэщіагъэлъэхэр мымащІэу щыІэн хуейщи. Илъэсым еджакІуэ цыхуэи 100 - 200 кьатщэгу щыщыта зэманым дыкьыІадащ, иджы 500-м нэблагъэ махуэрыеджэу илъэс кьэс кьыгтхуокІуэ, заочнэу 200, пщыхьэщхьэ еджэу Іэщіагъэ зэмылІэужьыкІэужьхэмкІэ мазэ курсхэр щыхуэ 1600-рэ мынэхъ машІэм кьаух.

- «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткІэ кьэзгъэдэлъэ программэщІэр щыхуэхэм Іэщіагъэ етыныжкІэ фІы дыдэу кьыззралытар икьукІэ екъулІэныгъэшхуэщ. Сыт зэрэдэ Іуэхущіафэ абы кьыззщІиубыдэр? Хэт кьыбдиІыгъа фи жэрдэмыр?

- Пэж дыдэу ди еджапІэм зиужьныжьмкІэ ар лъэбакъуэхуэщ, икІи программэщІэ зэхэзгъэувар щытхъу зыхуэфащэу кьыззралытам и фІыщІэр дэ щыдолъагъу КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсенэ Правительствэм и Унафэщі Ярин Андрейрэ я деж.

Іуэху бгъэдыхьэкІэщІэ утыку кьыщіапхъэкІэ, уи лэжьыгъэм хэплъхьэ псори кьыззрымыкІуэу зэрыщытыр кьэпщытакІуэхэм яфІэщ пщІыфын щхьэкІэ, уи мурадхэр кьыбдэзэныгъын ущыпсэу лъаХэм кьыхэкІыным мыхьэнэшхуэ иІэщ. ИтІанэщ ар Москва деж щыпхьбгъэкІыну Іэмал щыбгъуэтри, ари Іуэху щыкІуу зэрыщымытыр схужьІэнущ. Іэщіагъэ кьэзыт пэщІэдзэ еджапІэу «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым пхыбІаХэм ират сом мелуан 20-м щегъэжьауэ 30-м нэблагъэм кьриу быдэ ахьшэкІэ зыщіагъакІуэ кьаГъэлъэгъуэ программэм и мардэхэр гъэззащіэ хьун папщІэ.

Дэ кьэдгъэлъэгъуа проектыр хэдгъэзыну кьалытат, ауэ ар сыт хуэдэу фІыуэ щымытрэ, апхуэдизэ мылькУ кьызыкІэпыкІуэну Іуэхур ди республикэ унафэщІхэм кьыдДамыІыгъат зэмэ, кьыдджъулІэнутэкъым. Ныбжьыщіэхэр Іэщіагъэлі нэс хьунымкІэ дызыдэлажьэ кьэрал Іуэхущіапіэхэми зыкьытщІагъэкъуащи, фІыщІэ ин яхудощ. Апхуэдэщ Щэрий Іэуб эчыр зи унафэщІ Налшык кьалэ и троллейбус Іуэхущіапіэр. Ди еджакІуэхэм папщІэ абыхэм троллейбусит1 ильэситхукІэ бдэжвнд уасэ щІэдмыту кьэдгъэсэбэпыну кьыдатащ, абы нэмыщІкІэ хуит кьытхуащащ электрокъарукІэ зекІуэ транспортым ирилэжьэн Іэщіагъэлі Іэр щагъэхьэзэр пэщ зэпэщ. Мыдэкіэ «Къэббалькъ техкІэлъыплъыныгъэ» Іуэхущіапіэм, Къуэдз Хьэсэн зи унафэщІым, моторхэр щагъэкъабзэ, щащІыж цех хуит кьытхуищІащ. Налшык кьалэкІуэдыкІэ щыхуэхэр кьыщежьэкІымкІэ автобус Іу жъущіапіэм и унафэщІу зэрагъэуврэ куэд мыщІами, дызэхищІыкІри мылькукІэ зыкьытщІитьэкъуащ Тоэшэ Хьэсэ. Абыхэм фІыщІэщу я яхудощ ди программэм мылькукІэ кьыззрыкъуэувам (софинансированием) папщІэ.

Урысей Ипщэ федерал округым щыІэу Іэщіагъэ кьэзыт гъэщІэнэ щхьэхуэ худощ ди еджакІуэхэм щІэн-щэн дахэ яхэтІыхьэным, щэнхабзэм и фІыпІэм щыдгъэгъуэзэныным.

- Мартин, щхьэхуэу утеІэпсэлъыхьынут зыхуеІэбгъэжьІэщіагъэхэм, лицейр зыхуеІэ зыхуэфІкІэ кьыззрыгэгъэпэща щыкІэм.

- Кьапщтэмэ, зыхуедгъаджэ Іэщіагъэхэр псори зэпхар автортранспортраУэ зэрыщытыр ди лицейм и цІэмэ кьеІуатэр, ауэ я кьыхэгъэщхьэхукІауэ я цІэр кьыпІуэнумэ, цІыкІу нэхъыбэ зыхуедмэжу дэ ди Іэр машинэхэм я техникэ кІэлъыплъынгьэмрэ кьутар зэгъэпэщыжьынымрэ пыщІа Іэщіагъэрэщ. Ди кьэралым кьыщідзэкІ машинэхэм кьищынэмыщіауэ абы кьыщІыгубыдэ хамэ кьэрал машинэхэр зыхуеІ хуэгъэззэнымрэ щыжьынымкІэ Іэхуэтхьэбзэхэри. Цыкуэхэр кьеэвшэкІ транспортым ирилэжьэн Іэщіагъэ лІэхэр щыдгъжьэзыр кьудамэми щеджэхэр машІэжьым, АТП-м и бухучет Іэщіагъэм хуедгъаджэхэр диІзщ.

Шэч хэмылъу, гурыІу эгъуэщ шофер Іэщіагъэмрэ машинэхэр зыныж слесарэмэ дэ фІкІа иумыгъэджэнуми, я нэхъ машІэрамэ, нэрылъагу пособиехэмрэ тренажерхэмкІэ кьызэгъэпэща пэшхэр уимыІэу уэзрымыплъажьэфынур. Абы папщІэ дэ кьэтщэхуащ машинэхэм я зыхэлыкІэмрэ лжьбэкІэмрэ уэзыгъэльагъэ у, кьутар зэрагъэнэху схемэ зэпыщІэкІэхэр. Іуэхум хуэхэа нэгъуэщІ Іэмэпсымэхэр. Компьютер тренажеру мы зэманым тІу диІзщ, лъэпкъ проектым ипкъ иткІэ кьэхэтха ахьшэ саугъэтымкІэ иджыри тху зыІэрыдгъэхьэнущ. ЕджапІэм кьегъэбдыпІаУэ, инструктор лжьэкІэмрэ тегъэпсыхьаУэ машинэ 25-рэ диІзщ, иджыри 6 кьхьыдощахуэ. Гъэ еджэгъуэщІэм ирихьэлІэу кьыззэІутхьинущ «BOSH» фирмэм кьыдитгъэкІаУэ зэрырагъаджэ-производственнэ Іэмэпсымэкіэ кьыззгъэпэща лъэщапІэ.

- Дяпэкіэ зыІарыгъэхьэну фІыгъэхущІэжьу льагэпІэщІэхэр сыт хуэдэ? Сыт абы папщІэ фІиІзр?

- Пэжщ, уиІэмкІэ арэзы хьхуауэ ущыс хьунукъым. Дэ дыхуейщи ди еджапІэм и статусыр хэзыгъэну. Дызыхуэжьу з гъэ еджэгъуэщІэм кьрифыдзу зэфІэкІынкІэ дыщыгугъыу дэ иджыпсту деужьэрэжьІу догъэхьэзыр ди лицейр техникум хьунымкІэ дызыхуейну тхыпльымпІэхэр. Апхуэдэ жэрдэмыр кьыщІадыгъаш ди республикэм и Правительствэмрэ Парламентымрэ. Зэрыгурыіуэгъэущи ар Іуэху щыкІукъым, псынщэрыщІэуэн зэфІэкІынукъым. Абы кьыхэкІкІэ, нэ хъ гупсэхуу, щыгъэнщэ у, гу зылъытапхъэ псори кьэлъытауэ я ар зэрыззэфІэтакІынукъым иджыпсту дытолажьэ. Нэхъыщхьэращи, япэ лъэбакъуэр тчауэ дольытэ.

Іэщіагъэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щыхэфІэгъэгъуэтын ещхьэкІэ Къэбэрдей-Балькъэрым и мащІэкъым, ауэ ди лъаХэр зыхуэныкъуэр иджыдэй щІэныгъэ зыбгъэдэлъ лэжьакІуэ кьыззрыгуэкІхэрщ. АпхуэдизкІэ ар Іуэхущіапіэ щыІэ Іэмэпсымэ щхьэхуэрэ нэхъыбэ кьагурыгъэІуэну зыдыхэзгъэ. АпхуэдизкІэ ар Іуэхущіапіэ щыІэ Іэмэпсымэ щхьэхуэрэ кьыумыгъэсэбэпыжьым, дэнэ кьыщыщІидзми ерыскьышІэ зэрымыкъунум шэч хэлъкъым.

- Уипсэу, Мартин, Адэкіи фефІакІуэу, фи Іуэху дэжьыну сыныво хьу эхьу, е хьулІэныгъэщІэхэр фиІзу ди хьыбар зэхэтхыну ди гуапэщ.

Епсэльар
НЫБЖЬ Таисэщ.

Щіалэхэм Іэмал яІэщ машинэм хэль пкьыгъуэ псори яджыну.

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр



Истамбылакіуэ.

Адыгэ зауэлІхэмрэ бэлыльхугъэхэмрэ.
Сурэтхэр XVIII, XIX лІэшІыгъуэхэм ящІащ.

Дунейм и епщІанэ чемпионкэ Стефановэ Антуанеттэ

ИУЖЬ илъэсхэм Болгарием шахматым хуабжьу зыщиужащ. Уеблэмэ илъэсиІ и пэкІэ зыпІэ хьунут а къралыми и гроссмейстерхэр дуней псом щыпхъэ льэщ дыдэу: цІыхухъуэхэм я деж бжьыпэр щиІыгът Топалов Веселин, цІыхубзхэм ящыщу зыри кьытекІуэржьыж нобэ зи гугъу тщІы Стефановэ Антуанеттэ. Ауэ тІуми зэкІэлъыкІуэу чемпионыгъэр яфІэхЇуэдащ. Стефановэм Екатеринбург кьыщытекІуащ китай Сюй Юхуа. Ауэ Антуанеттэ кьилъытэркъым Болгариеи и шахматистхэр нэхъ лъэрымыкъ хьуаУ. «Дэ диІэщ зэфІэкІыщхуэ къэзыгъэльагъуэ шахматист ныбжьыщІэхэр. Пэжщ, Болгариеи мы джэгукІэм ахьшэшхуэ щыграгъэжІуадэркъым, ауэ абы щхьэкІэ къэмынэу ди деж хуабжьу зыщеужь»,- жеІэ Стефановэм. Ешьм и мурадщ и чемпионыгъэр Налшык щыкІуэну, жеІэ шахматистКъм.

Абы и псадъэхэр лъабжьэнщэкъым. Къэбэрдей-Балькъэрым щекІуэкІыну зэхъэзгъэ инхэм хэтынухэм ящыщу абы и рейтингыр (2550) нэхъ инщ, дунейм и чемпионкэу щымытыжми. 1979 гъэм кьалъхуа а цІыхубз зэкІуэжьым (ар кьагъэлъэгъуэн зэи ящыгъуэщрэкъым Антуанеттэ тетхъхь псоми) партие куэд дыдэ кьиухьэхуащ, шахмат лъагапІэмэ псынщІэу дэкІуеящ: 2003 гъэм Европэм и чемпионкэ, иужькІэ дунейм и епщІанэ чемпионкэ зыцІэ ІэнатІэ ящІ. Бэнэныгъэр гуащІэу зэрыщытынум щыхьэт тохъуэ шахматым и вагъуэ куэд - дунейм и иджырей чемпионкэ Сюй Юхуа, а цІэ льапІэр пІалъэ кІыхькІэ зезыхьа Чибурданидзе Майс, УФ-м и командэ кьыхэхам и пашэ Костенюк Александрэ, нэгъуэщІ шахматистхэ лъэщхэри ди деж кьыззрыкІуэнум. Янэ зэІущІэр болгар цІыхубзым дригъэкІуэкІынущ Перум щыщ Запатэ Карен.

МАХЪШОКЪУЭ Мухьэмэд.

● КъБР-м щыІэ МВД-м и ГИБДД-м

Зэрызекіуэ псынщІагъымрэ лъэсырыкіуэмрэ

Машинэ зэжьхэуэуэм кьрикІуэ насыпышнагъэхэр гъэмэшІэныным теухуа Іуэхугъуэхэр ирагъэкІуэкІми, зэкІэ щыгъэкІэр гугъу кьаныж. Нэхъыбэу транспорт зэжьхэуэуэр кьэзышэхэм щыщыр рулым дэсхэм кьызэракІухьын хуей псынщІагъым зэрыщІрагъэ ЗУР, лъэсырыкІуэхэм гъэгуэм зэрыщІызекІуэ хабзэхэр кьызэрыгэпаудыр. Бадзэуэгъуэм и 1-м ирихьэлІэу лъэсырыкІуэхэр зыхэт машинэ зэжьхэуэуэ 86-рэ кьэхъуащ, абыхэм щІыху 30 хэкІуэдащ, 60-м фэбжь хахащ. Апхуэдэ насыпышнагъэхэр нэхъыбэу кьрокІуэ гъэзгур кьыщемызэгъым дэж зэрыщІызэпаудыщІым, чэфу гъэзгу зэрытехьэм.

ЩытыкІэм зегъэхъуэжьын и лъэныкъуэкІэ сэбэп хьуну кьалъытэ бадзэуэгъуэм и 20-м щІидзаУ щыщхьэІум и 10 пщІондэ республикэм щекІуэкІыну «Зэрызекіуэ псынщІагъымрэ лъэсырыкІуэмрэ» профилактикэ лэжьыгъэр.

Абы ипкъ иту гъэзгу плъырхэр кІэлъоплъ щІыху нэхьыбэ щызэгъэпсыхьэ щыпІэхэм. ДПС-м и лэжьакІуэхэм гулъытэ хэха хуащІ гъэзгум зэрыщызекІуэ хабзэхэр кьызэпызыуІ лъэсырыкІуэхэр административнэ жэуапхэм ешэлІэным.

А зэманым кьрнубыдзу уэрамхэр, абыхэм гъэзгу дамыгъэхэр зэрыщІызэувар, светофорхэр зэрылажьэр щІалшыгъыкІынущ. Гъэзгуэхм я Іыхьэ нэхъ шы нагъуэ кьалтытэхэм плырхэр кІэлъыплъынущ.

БАЛЪЭ Роберт.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖъэкІэмыхьу Марин (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Ширдий Марин** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Жылаев Маритэ, Льостэн Мэуз, Ныбжьк Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Хьэжькъарэ Алик, Шал Мухьэмэд.**

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Іуэхущіапіэхэм я лІэужьыныгьэ - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериеи - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущіапіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэз тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщІэтэ Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм ирэу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэныту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдлахэм яхуэхьынымрэ и пщэ дэлъыр КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щыкІэмкІэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щІигу яхэщащ.

Зы льэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

КъБР-м ЩІэныгъэмрэ хьыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ и министерствэм 1905 гъэм щыІа Революцэм и цІэр зезыхьэ и полиграфкомбинат, Налшык къ., Ленриным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы кьыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и кьуэдзэ Къаншокъуэ Эльдэ, редактору Ширдий Марин, корректорхэу Щоджэн Инир *(1,2-нэ пап.)*, Табыщ Динарэ *(3,4-нэ пап.)*, корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу Иуан Заирэ. *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ:* Ныр Саидэ, ЩакІуэ Мадинэ, Мэлбахьуэ Анжелэ, *сурэтыщІ* Бицу Жаннэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м.

Щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.045● Заказ №2547

Щыхубзхэм нэхъ яхуэтэ зэыфэбзаджэ хэм ящыщщ бгъэм хпшІэ льшхыр. Ди жагъуэ зэрыхъуащи, а уз шынагъуэм нужьрей зэманхэм нэхъ зеубгъу, дыкІэзыхуэхъуерехьх дунейр зэрыеІакІуэм деж щегъжьауэ щхьэусыгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэр кьежьапІэ хуэ хъуурэ.

ЛЫШХЫР гъэхъужьыгъуэй зыщІым щыщщ ар кьыщыхьеИм занщІэу гу зэрылъмытэр, хэтІэсауэ фІэкІа зэрызыкъуимыгъащІэр. Абы кьыхэкІкІэ, мыхьэнэшхуэ иІэщ щІэх-щІэхьурэ врачмаммографиемрэ зэгъэлъпІэныным. Дохутырым деж кІуапІэхэщ блыпкьыр дэузу бгъэр кьыхэуэзыкІми зэрыщымытаУэ зэхъуэжьІныигъэ гуэрхэр бгъэм и тепльэм игъуэтами.

Хьэфэр псынщІэу кьэпхутэнымкІэ щыІэ дохутыр Іэмалхэм я нэхъыфІыр рентген маммографиерщ. А «сурэттехым» кьехутэ яІэ стадием и лыших кьызэуэпІахэм я процент 70-р. Зы санметр нэхърэ нэхъ цыкІуу Іэпкьлъэпкьым хишІа лышхыр «узэыгъэлъагъу» нэгъуэщІ Іэмал зэкІэ иджырей медицинэм иІэнкьым. ПэгъуэщІу жьыпІэмэ, узыфэр кьыщежьа кьудеим, зыкІи зыкъуимыгъащІэу, Іэкіэ уеІуса нэужьи кьыпІэрымыхьэну щыщыт лъэхъэнэр «кьызэрыщІыхунур» маммографиеи и закъуэщІ. Абы кьиГъэлъэгъуэфынущ бгъэм кьыщыунэхуа тыкьыр щыкІуэхэр см 0,4-0,5-рэ фІэкІа щымыхьэм дежи. А Іэмалым и фІыщІэкІэ дохутыр-хэм процент 30-м нэблагъэкІэ яхуогъэщащІэ лышхэм иІыкІэхэм я бжьыгъэр.

Уз шынагъуэр пасэу кьэпхутэнымрэ ар гъэхъужьынымк псынщІэу ящІ ихьэнымрэ фІыуэ кьрикІуэр узынщагъэр зэтеувэжу гъащІэм кьызэрыпищ я закъуэкъым, атІэ цыхум и адрей Іэпкьлъэпкьхэм егуаУэ хущхьуэ гуащІэкІэ пІалъэ кІыхькІэ зэхьэлІэн зэрыщІ.

Мы кьыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и кьуэдзэ Къаншокъуэ Эльдэ, редактору Ширдий Марин, корректорхэу Щоджэн Инир *(1,2-нэ пап.)*, Табыщ Динарэ *(3,4-нэ пап.)*, корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу Иуан Заирэ. *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ:* Ныр Саидэ, ЩакІуэ Мадинэ, Мэлбахьуэ Анжелэ, *сурэтыщІ* Бицу Жаннэ.

Дохутырым зыхуэвгъазэ

● Гу зылъытапхъэ

Цыхубзхэм нэхъ яхуэтэ зэыфэбзаджэ хэм ящыщщ бгъэм хпшІэ льшхыр. Ди жагъуэ зэрыхъуащи, а уз шынагъуэм нужьрей зэманхэм нэхъ зеубгъу, дыкІэзыхуэхъуерехьх дунейр зэрыеІакІуэм деж щегъжьауэ щхьэусыгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэр кьежьапІэ хуэ хъуурэ.

ЛЫШХЫР гъэхъужьыгъуэй зыщІым щыщщ ар кьыщыхьеИм занщІэу гу зэрылъмытэр, хэтІэсауэ фІэкІа зэрызыкъуимыгъащІэр. Абы кьыхэкІкІэ, мыхьэнэшхуэ иІэщ щІэх-щІэхьурэ врачмаммографиемрэ зэгъэлъпІэныным. Дохутырым деж кІуапІэхэщ блыпкьыр дэузу бгъэр кьыхэуэзыкІми зэрыщымытаУэ зэхъуэжьІныигъэ гуэрхэр бгъэм и тепльэм игъуэтами.

Хьэфэр псынщІэу кьэпхутэнымкІэ щыІэ дохутыр Іэмалхэм я нэхъыфІыр рентген маммографиерщ. А «сурэттехым» кьехутэ яІэ стадием и лыших кьызэуэпІахэм я процент 70-р. Зы санметр нэхърэ нэхъ цыкІуу Іэпкьлъэпкьым хишІа лышхыр «узэыгъэлъагъу» нэгъуэщІ Іэмал зэкІэ иджырей медицинэм иІэнкьым. ПэгъуэщІу жьыпІэмэ, узыфэр кьыщежьа кьудеим, зыкІи зыкъуимыгъащІэу, Іэкіэ уеІуса нэужьи кьыпІэрымыхьэну щыщыт лъэхъэнэр «кьызэрыщІыхунур» маммографиеи и закъуэщІ. Абы кьиГъэлъэгъуэфынущ бгъэм кьыщыунэхуа тыкьыр щыкІуэхэр см 0,4-0,5-рэ фІэкІа щымыхьэм дежи. А Іэмалым и фІыщІэкІэ дохутырхэм процент 30-м нэблагъэкІэ яхуогъэщащІэ лыших иІыкІэхэм я бжьыгъэр.

Уз шынагъуэр пасэу кьэпхутэнымрэ ар гъэхъужьынымк псынщІэу ящІ ихьэнымрэ фІыуэ кьрикІуэр узынщагъэр зэтеувэжу гъащІэм кьызэрыпищ я закъуэкъым, атІэ цыхум и адрей Іэпкьлъэпкьхэм егуаУэ хущхьуэ гуащІэкІэ пІалъэ кІыхькІэ зэхьэлІэн зэрыщІ.

Зи гугъу тщІа псом кьыхэкІкІэ, дэтхэнэ бзыльхугъэмэ Іуэху ищІу икІащІыпІэкІэ мammологым зыхунгъэзэн хуейщ, я узынщагъэр кьапщытэн, гу зылъытапхъэ щыІэмэ, и чэзум фІэмыкІыу хущхьуэ ираухьэлІэн, Іуэхуэр операциэмрэ химиотерапиемрэ намыгъэсу кьызэрагъэувыІэн папщІэ. Узынщагъэм щыкІэлъагъэпІэ Іуэхущіапіэхэм цыхубзхэр кьанэ щымыІэу екІуэлІэным, псомкІи зэдыщІэкІыу маммографиерагъэщыным Іэмал кьыдитынущ лІэныгъэ куэд кьызыхэкІ уз шынагъуэр ди щІыналъэм щхьэщыдгъэкІуэтыну.

КъБР-м Хьыншагъэр хъуэмэнымкІэ и министерствэ.

● КъБР-м щыІэ МВД-м и ГИБДД-м

Зэрызекіуэ псынщІагъымрэ лъэсырыкіуэмрэ

Машинэ зэжьхэуэуэм кьрикІуэ насыпышнагъэхэр гъэмэшІэныным теухуа Іуэхугъуэхэр ирагъэкІуэкІми, зэкІэ щыгъэкІэр гугъу кьаныж. Нэхъыбэу транспорт зэжьхэуэуэр кьэзышэхэм щыщыр рулым дэсхэм кьызэракІухьын хуей псынщІагъым зэрыщІрагъэ ЗУР, лъэсырыкІуэхэм гъэгуэм зэрыщІызекІуэ хабзэхэр кьызэрыгэпаудыр. Бадзэуэгъуэм и 1-м ирихьэлІэу лъэсырыкІуэхэр зыхэт машинэ зэжьхэуэуэ 86-рэ кьэхъуащ, абыхэм щІыху 30 хэкІуэдащ, 60-м фэбжь хахащ. Апхуэдэ насыпышнагъэхэр нэхъыбэу кьрокІуэ гъэзгур кьыщемызэгъым дэж зэрыщІызэпаудыщІым, чэфу гъэзгу зэрытехьэм.

ЩытыкІэм зегъэхъуэжьын и лъэныкъуэкІэ сэбэп хьуну кьалъытэ бадзэуэгъуэм и 20-м щІидзаУ щыщхьэІум и 10 пщІондэ республикэм щекІуэкІыну «Зэрызекіуэ псынщІагъымрэ лъэсырыкІуэмрэ» профилактикэ лэжьыгъэр.

Абы ипкъ иту гъэзгу плъырхэр кІэлъоплъ щІыху нэхьыбэ щызэгъэпсыхьэ щыпІэхэм. ДПС-м и лэжьакІуэхэм гулъытэ хэха хуащІ гъэзгум зэрыщызекІуэ хабзэхэр кьызэпызыуІ лъэсырыкІуэхэр административнэ жэуапхэм ешэлІэным.

А зэманым кьрнубыдзу уэрамхэр, абыхэм гъэзгу дамыгъэхэр зэрыщІызэувар, светофорхэр зэрылажьэр щІалшыгъыкІынущ. Гъэзгуэхм я Іыхьэ нэхъ шы нагъуэ кьалтытэхэм плырхэр кІэлъыплъынущ.

БАЛЪЭ Роберт.